



FÈY ENFÒMASYON

Fèy enfòmasyon sou lagrip ak sou vaksen kont lagrip

Kisa lagrip ye (Yo rele l tou "Flu" nan lang angle)?

Lagrip se yon maladi respiratwa kontajye viris lagrip la koze. Li kapab lakòz maladi modere oswa grav, epi li genyen dèlè li kapab lakòz lanmò. Pi bon fason pou anpeche w pran lagrip se pou w pran yon **vaksen** kont lagrip chak ane.

Chak ane Ozetazini, anmwayèn:

- 5% a 20% nan popilasyon an trape lagrip;
- pliske 200,000 moun entènè lopital akòz konplikasyon ki prezante poutèt lagrip, epi;
- genyen apeprè 36,000 moun ki mouri akòz lagrip.

Gen moun, tankou moun ki pi aje yo, jèn timoun, ak moun ki gen sèten kondisyon sante, ki gen pi gwo risk pou yo gen konplikasyon grav ki prezante poutèt lagrip.

Sentòm lagrip yo

Pami sentòm lagrip yo genyen:

- lafyèv (ki jeneralman wo)
- maltèt
- fatig ekstrèm
- tous sèk
- malgòj
- nen k ap koule oswa ki konjesyone
- doulè nan misk
- Sentòm nan vant, tankou noze, vomisman, ak dyare, kapab manifeste tou, men yo pi komen pou timoun pase adilt.

Konplikasyon lagrip

Pami konplikasyon ki prezante poutèt lagrip yo, genyen nemoni bakteryèn, enfeksyon nan zòrèy, enfeksyon sinis, dezidratasyon, ak kondisyon medikal kwonik ki vin pi grav, tankou ensifizans kadyak konjestif, opresyon, oswa dyabèt.

Kouman lagrip pwopaje

Viris lagrip pwopaje sitou de yon moun a yon lòt, lè moun ki gripe yo touse oswa lè yo etènye. Gen defwa moun ka vin enfekte lè yo manyen yon bagay ki gen viris lagrip la sou yo epi apres lè yo mete men yo nan bouch oswa nan nen yo. Pifò nan adilt ki ansante yo kapab enfekte lèzòt apatide 1 jou **anvan** sentòm yo devlope e jiska 5 jou **apre** yo vin tonbe malad. **Sa vle di ou ka transmèt lagrip bay yon lòt moun anvan menm ou reyalize w malad, epitou ou ka transmèt li pandan w malad.**

Evite trape lagrip: Pran vaksen

Sèl fason ki pi bon pou evite w trape lagrip la se pou w pran yon vaksen kont lagrip chak ane. Gen de (2) tip vaksen:

- **"Piki lagrip" la** – ki se yon vaksen ki inaktif (ki gen ladan l viris yo touye) epi yo administre avèk yon zegwi. Yo apwouve piki lagrip la pou yo itilize l pou moun ki gen 6 mwa daj oswa ki pi gran, menm pou moun ki ansante ak moun ki gen kondisyon medikal kwonik.

Faktè enpòtan sou lagrip ak sou vaksen kont lagrip

(swit paj anvan an)

- **Vaksen kont lagrip ann espre nazal** – yon vaksen yo fè avèk viris lagrip ki vivan, ki fèb e ki pa koze lagrip (gen defwa yo rele l "LAIV, nan lang angle" ki vle di "Vaksen kont lagrip atenyè vivan"). Yo apwouve LAIV pou yo itilize l pou moun ki ansante* ki gen ant 2 zan ak 49 an e ki pa ansent.

Apeprè de (2) semenn apre vaksen an, gen antikò ki devlope pou pwoteje kont enfeksyon viris lagrip la. Vaksen kont lagrip pap pwoteje kont maladi ki tankou lagrip epi viris ki pa viris lagrip lakoz.

Kilè pou w pran vaksen

Mwa doktòb oswa mwa novanm se pi bon lè pou w pran vaksen, men ou ka toujou pran vaksen nan mwa desanm oswa apre sa. Sezon lagrip ka kòmanse depi nan mwa doktòb e li ka dire jiska mwadme.

Kilès ki ta dwe pran vaksen?

Anjeneral, nenpòt ki moun ki vle diminye chans li genyen pou l trape lagrip, ka pran vaksen. Sepandan, gen sèten moun ki dwe pran vaksen chak ane swa paske yo gen gwo risk pou yo gen konplikasyon grav ki gen rapò ak lagrip la oswa paske yo abite avèk oswa yap okipe moun ki gen risk elve. Pandan sezon lagrip yo, lè pa gen anpil pwovizyon pou vaksen oswa lè pwovizyon yo vin anreta, Komite Konsèy sou Pratik Vaksinasyon (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP) a fè rekòmandasyon sou gwoup ki gen priyorite pou pran vaksen (www.cdc.gov/flu/about/qa/flushot.htm).

Moun sa yo se yo ki pou pran vaksen chak ane:

1. Moun ki gen anpil risk pou yo gen konplikasyon ki prezante poutèt lagrip, pami moun sa yo, genyen:

- Timoun ki gen 6 mwa jiskaske yo fete 5yèm anivèsè nesans yo,
- Fanm ansent,
- Moun ki gen 50 an oswa ki pi gran,
- Moun ki gen nenpòt laj e ki gen sèten kondisyon medikal kwonik, ak
- Moun ki abite nan mezon retrèt ak nan lòt sant swen alontèm.

2. Moun ki abite avèk oswa kap okipe moun ki gen anpil risk pou yo gen konplikasyon ki prezante poutèt lagrip, ki enkli:

- Moun ki an kontak nan kay avèk moun ki gen anpil risk pou yo gen konplikasyon ki prezante poutèt lagrip (gade enfòmasyon ki anlè a)
- Moun ki an kontak nan kay avèk timoun ki gen mwenske 6 mwa ak moun kap bay timoun ki gen mwenske 6 mwa swen andeyò de kay yo (timoun sa yo twò piti pou yo pran vaksen)
- Pwofesyonèl swen lasante.

3. Nenpòt moun ki vle diminye risk pou yo trape lagrip.

Itilizasyon vaksen kont lagrip ann espre nazal

Moun ki ansante* ki genyen ant 2 zan a 49 an e ki pa ansent, gen lechwa pou yo pran vaksen kont lagrip ann espre nazal, moun ki ansante e ki abite avèk moun ki nan gwoup a risk elve oswa kap bay moun sa yo swen, gen lechwa tou pou yo pran vaksen kont lagrip ann espre nazal. Sèl esepsyon an se moun ki ansante kap okipe moun ki gen sistèm iminitè ki fèb anpil e ki bezwen yon anviwònman pwoteje; moun sa yo ki ansante yo dwe pran vaksen ki inaktif la.

Kilès moun ki pa dwe pran vaksen

Gen sèten moun ki pa dwe pran vaksen toutotan yo pa konsilte yon doktè. Moun sa yo se moun swivan yo:

- Moun ki fè yon alèji grav a ze poul.
- Moun ki te gen yon reyaksyon grav a vaksen kont lagrip la anvan sa.

19 oktòb 2007

Paj 2 nan 3

Faktè enpòtan sou lagrip ak sou vaksen kont lagrip

(swit paj anvan an)

- Moun ki devlope sendwòm Guillain-Barré syndrome (GBS) (www.cdc.gov/flu/about/qa/gbs.htm) sou 6 semenn de lè yo te pran yon vaksen kont lagrip anvan sa.
- Timoun ki gen mwenske 6 mwa (yo pa apwouve vaksen kont lagrip la pou itilize nan gwoup laj sa a).
- Moun ki gen yon maladi modere oswa grav ki akonpaye de lafyèv, dwe tann jiskaske sentòm yo diminye, anvan yo pran vaksen an.

Si w gen kesyon sou si pou w pran vaksen kont lagrip la, konsilte pwofesyonèl swen lasante w la.

* "Ansante" vle di moun ki pa gen kondisyon prensipal ki mennen gwo risk pou komplikasyon ki prezante poutèt lagrip. Yo poko detèmine sekirite LAIV pou moun sa yo.

Si w bezwen enfòmasyon anplis, ale nan sit entènèt la nan www.cdc.gov/flu, oswa rele CDC nan 800-CDC-INFO (Nan lang angle ak panyòl) oswa 888-232-6358 (TTY - tele-enprimè).